Мэлыжьыхьым и 25-м дуней псом щагъэлъапІэ Адыгэ ныпым и махуэр

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№46 (24.172) ● 2021 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 24, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪБР-м и Іэтащхьэр къыщыпсэлъащ УФ-м и Правительствэм щІыналъэ зыужьыныгъэмкІэ и комиссэм

УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Хуснуллин Марат мэлыжьыхьым и 22-м Москва щыгъэкІуэкІащ Урысей Федерацэм и Правительствэм щІыналъэ зыужьыныгъэмкІэ и комиссэм и президиумым и зэІущІэр. «Псы къабзэ» лъэпкъ проектым щыубзыхуахэр 2021 гъэм республикэм зэрыщагъэзащІэм, 2022 - 2024 гъэхэм зэфІагъэкІыну лэжьыгъэхэм я проект-сметэ тхылъхэр зэрагъэхьэзыр щыкІэм теухуауэ зэхуэсым къыщыпсэлъащ КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек.

КЪАПЩТЭМЭ, КІуэкІуэ Казбек и къэпсэлъэныгъэм къыщыхигъэщащ дызэрыт илъэсым республикэм щІыхуэхэр псыкІэ къызэгъэпэщыным хуэгъэпса объект 19 зэрыщаухуэнр, псори зэхэту километр 63-кІэ псыр зэрызэбграшынур, псы къыщІэныпІэщІэу пІы зэращІынур, лэжьыгъэ псоми сом мелуани 128-рэ хуэзэу. «Мы зэманым ухуэныгъэ 14-м теуху зэгурыІуэныгъэхэр зэращІыпІакІэщ икІи лэжьыгъэхэм щІадзащ, объектипІым ятеухуа зэгурыІуэныгъэхэр зэман гъунэгъум зэраухылІэнущ, - къыхигъэщащ абы. - 2020 гъэм республикэм псыр щызэбгрышыным хуэунэтІа ухуэныгъэу 32-рэ щрагъэкІуэкІащ, километр 73-м бжьамийхэр щызэбграшащ, псы къыщІэкІыпІэщІэу 11 щабруущ, псори зэхэту сом мелуани 145-рэ хуэзэу. А ахъшэр щІыналъэм къыхущІагъуауэ щытащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэм къалэн зэращиІам ипкъ иткІэ. «Псы къабзэ» къэрал проектым хьхьэу ухуэныгъитІ 2019 гъэм ящІауэ щытащ». Жьы дыдэ хьуа бжьамийхэр щызэрахьэжкІа жьлэхэм щыпсэу цІыху мин 20-м щІигъу зэфэн псы къабзэкІэ къызэрагъэпэщынущ. КЪБР-м и Іэтащхьэм Хуснуллин Марат фІыщІэ хуищІащ цІыхухэр псыкІэ къызэгъэпэщыным хуэгъэза ухуэныгъэщІэу 71-рэ зэрырагъэкІуэкІынум, абыхэм я проект-сметэ тхылъхэр зэрагъэхьэзырам. «Псы къабзэ» лъэпкъ проектыр игъэзэщІэныжкІэ муниципалитетхэм защІадгъэкъуэныр дэ хабзэ тхуэхьуащ икІи илъэситІым кІриубыдзу абыхэм сом мелуаницкІэм щІигъу яхуэдутІыпщащ, проект-сметэ тхылъхэр ягъэхьэзырын папщІэ. Проект псори къэрал къэпщытэныгъэхэм пхыкІащ икІи гъэзэщІэным хузэхьэзырщ». КЪБР-м и Іэтащхьэм и докладым апхуэдэуи къыщыгеувыІащ ущыпсэуну дзыхьыщІыгъуджэ хьуа унэхэм щІыхуэхэр къыщІэгъэІэпхъукІыным хуэгъэза программэр пхыгъэкІыным и Іуэху зыІутым: 2021 гъэм и мэлыжьыхьым ирихьэлІэу къата бжьыгъэхэм ятепщІыхьмэ, 2020 - 2021 гъэхэм къриубыдэу псэупІэ зратын хуейхэм ящыщу унэщІэхэм ягъэІэпхъуащ цІыхуи 164-рэ, 210-м щыщу.

Хуснуллин Марат къыхигъэщащ «Къалэр ущыпсэуну тынш щІыныр» щІыналъэ проектымрэ «ЩІынагъэнщэ икІи фІагъ льагъ зиІэ автомобиль гъэзэгъэр» лъэпкъ проектымрэ хьхьэ зэгурыІуэныгъэ псори зэрызэращІылар. А проектхэм япкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым 2021 гъэм зэІуэзэпэщ щащІыну я мурадщ цІыху зэхуэсхьІэ 33-рэ фэтэр куэд зыхэт унэхэм я пщІантІэу 89-рэ, псори зэхэту сом мелуан 237-рэ текІуадзу. Зыхуей хуагъэзэнущ е зэрагъэпэщыжынущ гъэзэгу километри 114-м щІигъу, псоми зэхэту сом мелард 1,7-рэ текІуадзу. Гъэзэгуэр уэхуным хуэгъэза лъэпкъ проектыр щагъэзащІэм къыдагъэхуащ сом мелуан 12, ахэр хуауатІыпщынущ нэгъуэщІ гъэзэгуэр зэІуэзэпэщ щыным.

УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр республикэм щызэфІагъэкІ лжьыгъэхэм арэзы техъуауэ: «Псори тэмэму йокІуэкІ. Мыр щапхъэу къэбгъэльагъуэ хъунущ: щІыналъэ нэхъ къулейхэм ящымыщми, я Іуэху зэпэщу ирагъэкІуэкІыф, мылъкур тэмэму къагъэсэбэп. ФІыщІэ фхузощІ фи лэжьыгъэм папщІэ».

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

КІуэкІуэ Казбекрэ Урысей Федерацэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр Мурашкэ Михаилрэ Москва щызэхуоза

Мэлыжьыхьым и 22-м Москва лэжьыгъэ Іуэхукіэ щызэІущІащ КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбекрэ Урысей Федерацэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр Мурашкэ Михаилрэ. Абы щытепсэлъыхьащ Урысейм и Президентым Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам щыубзыхуахэм ятепсэлъыхьащ ятІонэрэ республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и Іэнатіэм зегъэужьыным хуэгъэза Іуэхущ.

КЪЭРАЛЫМ и Президентым Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам къыщигъэуващ цІыхухэм диспансеризацэ ядегъэкІуэкІыным хуэгъэза лжьыгъэр щІагъэзхуэбжьэну, къыйфыкІа коронавирусым къыдзкІуа узыфхэкэр нэхъ пасэу къахутэн икІи цІыхухэр гъэхъужьын мурадкІэ. И нэхъыбапІэкІэ ар гу-тлъынтхуэ узыфхэкэм епхащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым мы гъэм диспансеризацэм къыхэщІрагъэубыдэжнущ балигъ мини 140-рэ хуэдиз, сабий мини 187-м я узыншагъэм кІэлъыплъынущ. «Илъэсым и япэ мазищым диспансеризацэмрэ узыншагъэр къэпщытэныжмрэ хэтащ республикэм щыпсэу мин 25-м щигъу. Диспансеризацэм гулъытэ хэха хуэтщІынущ», - къыхигъэщащ республикэм и Іэтащхьэм.

ЦІыхухэр медицинэ дэІэпыкъуныгъэ хуей хъуа нэужь япэу зызыхуагъазэ Іэхущ1апІэхэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІауэ республикэм зыщыщІадза лжьыгъэм и гугъу щищІым, республикэм и Іэтащхьэм къыхигъэщащ 2021 гъэм зэфІагъэкІыну я мураду программэм ухуэныгъэ 16 зэрызагъэхьар. Аушыджэр къуажэм ухуэн щыщІадзащ амбулаторэ. Къызызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжынущ Май щыналъэ сымаджэщ нэхъыщхьэм епха сабий поликлиникэр, Налшык къалэ дзт сабий поликлиникэ №1-м щагъэхьуж-профилактикэ и къудамэр, къалэ поликлиникэ №2-мрэ Хмельницкэм и цІэр зезыхьэ уэрамым тет абы и къудамэмрэ, Малкэ къуажэм дэт амбулаторэр, Тэрч щІыналъэмрэ Хьэтlохъуцыкъуей къуажэмрэ я поликлиникэхэр. Къалэ поликлиникэ №1-м и къудамэу Вольнэ Аул дэтым, къалэ поликлиникэ №3-м, Дзэлыкъуэ, Шэджэм, Шэрэдж щІыналъэхэм я сымаджэщ нэхъыщхьэхэм кьепха поликлиникхэм зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр 2022 гъэм щызэфІэкІынущ, узыфэ зэхуэмыдэжэр зыпкърытхэм щеІэзэ щІыналъэзэхуакІэ сымаджэщым щыщ Іыхьэр 2023 гъэм яухынущ. Апхуэдэуи дызэрыт илъэсым щІадзэнущ къалэ сабий поликлиникэ №1-м и унэмрэ Бахъсэн щІыналъэ сымаджэщым и поликлиникэ къудамэ №2-мрэ зыхуей хуэгъэзэным.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ лыш узыфэр зыпкърытхэм щеІэзэ сымаджэщыр ухуэныкІэ Республикэ сабий клиникэ сымаджэщыр къыхуэгутынщэу зэгъэпэщыжынымрэ ехьэлІа лжьыгъэхэр щызэфІагъэкІыну пІалъэхэмк. Мы зэманым проектхэм зэрызэ техъуащ къэралым Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэр.

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Мурашкэ Михаил фІыщІэ хуищІащ Урысейм Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм пандемием и лъэхъэнэ гугъум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэрызыкъыщІигъэкъуам папщІэ. Узыфэ зэрыщІалэ нэхъ щынагъуэхэр зыпкърытхэм щеІэзэ госпиталхэм папщІэ къащІэхуащ илъэсым диагностикэ, реанимацэ Іэмэпсымэхэр, абыхэм КТ, УЗИ, ИВЛ аппаратхэри яхэту. ЩІыналъэм къыІэрыхьащ Іэнатіэм къыщагъэсэбэп транспорт хэхаэу хыщІым щІигъу, медицинэ Іуэхущ1апІэхэм методикэ, къызэгъэпэщыныгъэ дэІэпыкъуныгъэхэр ягъэтащ, къэралым и центр пажэхэм я Іэщ1агъэлІэхэри а лжьыгъэм кьыхашэу, апхуэдэуи сымаджэхэм хущхьуэхэр къыхуратгъэшащ. Адэкіи пащэну я мурадщ щІыналъэ Іэщ1агъэлІэхэм методикэ чэнджэщэр ягъуэтыным хуэгъэза лжьыгъэм.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

●Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Сыт лэжьыгъэм и пщалъэу къалъытэр?

КІуэкІуэ Казбек мэлыжьыхьым и 20-м иригъэкІуэкІащ «муниципальнэ сыхьэт». Муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я Іэтащхьэхэм щІыгъуу абы щытепсэлъыхьащ зи чэзу Іуэхухэм.

ЛЪЭПКЪ, щІыналъэ проектхэр районхэм гъэзэщІа зэрыщыхъым теухуауэ абы къыщыпсэлъащ КЪБР-м и Правительствэм и УнафэщІ Мусуков Алий. Абы зэрыжиІамкІэ, мы зэманым ирихьэлІэу и кІэм нэсащ лъэпкъ проектхэм ятеухуа зэгурыІуэныгъэхэр зэщІылІэныр, языныкъуэ лжьыгъэхэми щІадзащ икІи ягъэува пІалъэхэм изагъэу ягъэкІуэкІ. Ухуэныгъэ зыбжанэм щІыху щхьэхуэхэр еувэлІащ. КІуэкІуэ Казбек кьытеувыІащ узыншагъэр хъумэн Іэнатіэм щыщу щІыхуэхэр япэщІыкІэ зэкІуалІэ Іуэхущ1апІэхэм я лжьыгъэр егъэфІэкІуэным теухуа Іуэхум. Премьер-министрым абы теухуауэ жиІащ поликлиникэхэр зэгъэпэщыжынымк хуэгъэпса зэгурыІуэныгъэ 11 зэрызэращІылІар, иджыри тІум зэман гъунэгъум Іэ зэрытрадзэнур. Аушыджэр къуажэм амбулаторэ щыуухуэным яужь ихьащ, езанэ сабий поликлиникэр зэгъэпэщыжынымк теухуа проектым къыщыгъэзагъуахэр зэпалъыт - а ухуэныгъэхэм ехьэлІа лжьыгъэхэр ильэситІым къриубыдзу зэфІагъэкІын хуейщ. «Къалэр ущыпсэуну тынш щІыныр» щІыналъэ проектыр ягъэзащІэкІэрэ, республикэм и муниципальнэ зэгухьэныгъэ 40-м зыхуей щыхуагъэзэнущ цІыху зэхуэсхьІэ 33-рэ фэтэр куэд зыхэт унэхэм я пщІантІэу 89-рэ. «Псы къабзэ» проектым хьхьэу ягъэзэщІэну зэгурыІуэныгъэ 14 зэращІылІащ. Абыхэм ятепсэлъыхьащ, щІэуэ яуухуэнущ жылэхэр псыкІэ къызэзыгъэпэщыну Іуэхущ1апІэхэр, иджыри объектипліым теухуа зэгурыІуэныгъэ зэращІылІэну яужь итщ. Лъэпкъ проектхэр ГъэзэщІэныжкІэ яхуэфІэкІакІэр къыщызэщІакъуэжым, республикэм и Іэтащхьэм пщэрылъ ящищІащ 2020 гъэм зи уухуэныгъэхэр зэфІэкІа объектхэр муниципалитетхэм я мылъкум хэгъэхьэным, абыхэм егъэбыдыпІэным хуэунэтІа лэжьыгъэр щІагъэхуэбжьэну.

КІуэкІуэ Казбек апхуэдэуи къиІэтащ цІыхухэм муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэр зэрыхуащІэ щІыкІэм, абы и фІагъым епха Іуэхур икІи муниципалитетхэм я администрацэхэм я Іэтащхьэхэм яхуиГъэуваща я унэтІыныгъэмкІэ лжьыгъэр къапщытэну, цІыхухэр зыщІэупщІэхэр фІагъ яІэу хуащІэну. Республикэм и Іэтащхьэм къыхигъэщащ Урысейм и Президентым пщэрылъ къащищІаехэр. Абыхэм зэрыщыуЗызыхамкІэ, гъэзэщІакІуэ властым и органхэм я лжьыгъэм и фІагъым и пщалъэу щытынур хуащІэ ІуэхутхьэбзэмкІэ цІыхухэр арэзы хъунырщ. Мы Іуэхур щызэпкърахьм республикэм и Іэтащхьэм щхьэхуэу къыхигъащІ еджапІэхэм сабийхэр зэрыщагъаІэшэм екъэлІа Іуэхухэр икІи администрацхэм я Іэтащхьэхэм къалэн ящищІащ а лжьыгъэм зэпымыууэ я нэІэ трагъэтыну: «ФЫкІэтъыпІэ ерыскъыпхъэу къащІэхур зыхуэдэм, мыущипальнэ егъэджэныгъэ Іуэхущ1апІэхэм я унафэщІхэм фадэлажьэ. Сабийхэр къуэт зыщІэпІэ ерыскъыкІэ къызэгъэпэщыныр, школхэм хабзэ щІэлъныр фи къару кьихьынущ икІи абыкІэ жэуап фохь. Набдзэгубзаплъэу факІэлъыплъ а Іуэхухэм».

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэмкІэ гъэпэжэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

ЦІыхухэр лэжьыгъэкІэ къызэгъэпэщын Іэнатіэм зегъэужьыным хуащІа хэлъхьэныгъэхэмрэ илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэмрэ папщІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етын

Гъудэ Фатіимэ Валерий и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ цІыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ къащхьэщжьыныжкІэ и министерствэм цІыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщыныжкІэ и департаментым Іэщ1агъэ къыхахьныжкІэ, Іэщ1агъэм хуегъэджэныжкІэ и къудамэм и чэнджэщэгъуэм;

цІэ лъапІэхэр яфІэщын:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ къащхьэщжьыныжкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ»

Катковэ Ольгэ Пётр и пхъум - «Аруан щІыналъэм лэжьыгъэмкІэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщыныжрэ абыхэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ къащхьэщжьыныжкІэ и центр» къэрал кІэзонэ Іуэхущ1апІэм унагъуэ политикэмрэ лэжьыгъэ зэхущытыкІэхэмкІэ и къудамэм и унафэщым

Хапаевэ Лейлэ Камал и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ цІыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ къащхьэщжьыныжкІэ и министерствэм лэжьыгъэ зэхущытыкІэхэмкІэ и департаментым и унафэщым - лэжьыгъэ зэхущытыкІэхэмкІэ департаментым лэжьапщІэр тыныжкІэ, къэрал кулыкъущІэхэм социальнэ щэсыпІэхэр кьахуэзгъэпэщыныжрэ социальнэ зэдэлэжьэныгъэмкІэ и къудамэм и унафэщым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и экономист»

Ацкъан Ратмир Руслан и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ цІыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ къащхьэщжьыныжкІэ и министерствэм и къуэдзэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ

КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2021 гъэм мэлыжьыхьым и 19-м
№41-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ и органхэм къыщахьа екъулІэныгъэхэмрэ илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэмрэ папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етын:

Алъкъащ Виталий Мухьэмэд и къуэм - Тэрч муниципальнэ щІыналъэм щыщ Дей къуажэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм

Атакуев Руслан Алий и къуэм - Іуащхьэмахуэ муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэм

Рабани Нинэ Алексей и пхъум - Май муниципальнэ щІыналъэм щыщ Октябрьскэ къуажэм и Іэтащхьэм

Хьэгъажей Руслан Мухьэмэд и къуэм - Шэджэм муниципальнэ щІыналъэм щыпІэ унафэр зегъэкІуэныжкІэ и Советым и унафэщым и къуэдзэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ

КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2021 гъэм мэлыжьыхьым и 20-м
№42-УГ

Адыгэ ныпыр. Абы и тхыдэр, и мыхьэнэр

Псалъэм къикІыр

Адыгей жьабзэм «быракъ», къэбэрдей жьабзэм «бэракъ» жаІэу хэт псалъэр зэрымыадыгэбзэр наІуэщ. Абы и пІэкІэ адыгэ псоми дэ зэхуэдэу зетхьэр «нып» псалъэр аращ.

Адыгей жьабзэмкІэ «ны» жиІэмэ, «анэ» жиІэу аращи, «нып» псалъэм си гум къигъэкІыр анэрщ, хэкурщ, Хэку-анэр псом нэхърэ зэрынэхъапэрщ, зэрынэхъ льапІэрщ.

Нып якъуаІэр, нобэ зэрыгурыІуэгъэщи, щэкІым къыхэщІыкІа къэрал дамыгъэу араща. Къэралым и паспорт пэлъытэщ ар, ущеплъкІэ зей щІыналъэр, лъэпкъыр кърипІыхуу. Ауэ лъэпкъхэми нып зиІэ яхэтщ. Мис дэ ди адыгэ ныпри лъэпкъ ныпщ.

И къежьапІэр

Абы и тхыдэр тІууэ зэщхьэщыпх хъунуц: ижь дыдэрей лъэхъэнэхэмэ иджырей ныпхэм я кьежьапІэмрэ. Дауи, дэтхэнэ зы лъэпкъми фІэфІщ ныпыр япэ къэзыгупсысахэм, зезыыхьэм езыри ящыщу зыкъагъэлъэгъуэну. Ауэ къэхъуа-къэщІар уфІэфІым хуэбгакІуэ хъуркъым.

Іэпхъуэрыпсэууэ щыта япэ цІыхухэр, хьупІэр яухмэ е зыгуэр къатеуэмэ, нэгъуэщІ щыпІэ кІуэрт. Ауэ цІыхухэр щІыпІэрыс мэкъумэшыщІэ хъууэ щІадза иужькІэ, бий къатеуэмэ, щІэпхъуэ хъужьнутэкъыми, я мэкъумэшыр яхъумэжьын папщІэ зэрыІыгъын, зэдэщІын, зызэщІагъэкъуэн хуейт. Я щІыр зыми имей щІыпІэ нэщІу, Іэщ-быпым хъупІэу зэрыщымытыр кърагъэлъэгъуэн папщІэ, щІым и къуапэхэм бжэгъу хаукІэрт. ИтІанэ, зэман дэкІри, абы зы щэкІ кІапэ пащІащ, нэхъ къыхэщІын, жьжьэу къаплъэхэми гу къыльатэн хуэдзу. Апхуэдэу наІуэ, ныпыр ящІыпІэ зэрахьахэм нып яхужьипІэну къемызэгъыпэнкІи хъунущ, ауэ ахэр ныпым и къежьапІэу хуэбгъэсфэщэнри щыуагъэкъым.

Адыгэр дуней псом тет лъэпкъ нэхъыжь дыдэхэм ящыщщ. АдыгэщІэ щыдимыІа лъэхъэнэ жьжьэхэм урипльэжу щытмэ, илъэс минкІэрэ узэІэбэкІыжмэ, адыгэхэр щыпІэрыс зэрыщымытыр кърагъэлъэгъуэн папщІэ, щІым и къуапэхэм бжэгъу хаукІэрт. ИтІанэ, зэман дэкІри, абы зы щэкІ кІапэ пащІащ, нэхъ къыхэщІын, жьжьэу къаплъэхэми гу къыльатэн хуэдзу. Апхуэдэу наІуэ, ныпыр ящІыпІэ къемызэгъыпэнкІи хъунущ, ауэ ахэр ныпым и къежьапІэу хуэбгъэсфэщэнри щыуагъэкъым.

И гъуэгуанэр

Нобэ зетхьэ адыгэ ныпыр къыщыунэхуар 1800 гъэхэм я пэщІэдзэрщ. 1805 гъэм Къалэубэтэкъуэ Шупагуэрэ и ныбжьэгъухэмрэ къагурыІуат адыгэ лакъуэхэр зэкъуэмыувэмэ, къапэщІэт бийм адэкІэ зэрыпэмыльэщІынур, абы папщІэ Адыгэ Хэкум ис лакъуэхэр зы лъэпкъ ныпым и жьауэ щІэувэн зэрыхуейр. Мис а гупсысэм ипкъ иткІэ Къалэубэтэкъуэм адыгэ ныпыпхъэ иригъэщІащ, а зэманым ирихьэлІэу зэхашэну Адыгэ лъэпкъ хасэшхуэм и пащхьэ кърильхьэу къаригъэщтэну и гугъэу. ЩэкІ удэсфэм шабзэщэ фІыщІэ зэблэдзаищрэ вагъуэ хужь 12-рэ зытещІыхьа а ныпыпхъэр 1807 гъэм щыІа Адыгэ лъэпкъ хасэм и лІыкІуэхэм ягу ирихьат, ауэ абы щыгъуэ ныпыр къащтакъым.

1830 гъэм лІыкІуэ 300-м нэблагъэ хэту ЖьыпІэ тхъэрыІуэ хасэр зэхащэри, Адыгэ Хэкур тэкурэку (губерние) 12-у зэхагъэуваща. А щІыналъэ 12-р къэлъытауэ Къалэубэтэкъуэм нэхъапэм иригъэщІауэ щыта ныпыпхъэр аргуэру зэ кьыхалъхьэри, зэхъуэкІыныгъэ тІэкІу фІэкІа хуамышу, лъэпкъ ныпу къащтащ. Ауэ ар хэгъэгу и щыпІэ псоми занщІэу зэрылъэмыІэсыфам ныпым, ныпыр Адыгэ Хэкум зэхуэдэу щызэлъащІысакъым.

(КІэухыр 2-нэ нап.)

Адыгэ ныпыр. Абы и тхыдэр, и мыхьэнэр

(КІэухыр. Пэщ1эдзэр 1-нэ нап.).

А Жылэ тхъэрыІуэ хасэм и лІыкІуэу щыта Занокъуэ Сэфарбий хамэ къэрал Іэхуэхэмкіэ министр хуэдэу Истамбыл щыІащ, нэгъуэщІ къэралхэм я лІыкІуэхэр адыгэ лъэпкъыр зыхэт гуэвэгъуэм щигъэгъуазэу. Шэч хэлъкъым шыпэ щэкІ лъапІэм къыхэщІыкІауэ адыгэ ныпыр дахэу егъэщІыным, ар лъэпкъым къеГъэщтэным Сэфарбий мымащІэу зэрыхэлІыфыхьам. Лъэпкъ ныпыр я жьауэу адыгэ лАкъуэхэр зэкъуэувэн зэрыхуейм кьыхуриджэу, чэнджэщ щхьэпэ къариту адыгэхэм я пащхьэ къыщыпсэлъащ инджылыз посольствэм и секретарь Урварт Дэвид, 1834 гъэм Истамбыл щыІэу Занокъуэ Сэфарбий зыхуэзэуэ щытар.

Абынрэ Іэфіыпсрэ яку дэт тІуащІэм 1836 гъэм щекІуэкІауэ щыта Адыгэ лъэпкъ зэхуэсым хэта Спенсер Эдуард адыгэ ныпым теухуауэ етх: «Гушхуэ зыкІуэцІылъ лІыхьжь СультІаныкъуэ Хъырщыжь Истамбыл щрагъэщІауэ кьахьыжьагъащІэ нып дахащэу нэр пІэпІэзыхьыр кьыІэжІуэцІихащ. Истамбыл Іупыджьышхуэ щызІэ адыгэ гуащэм ешьм и Іэ псыгъуэ Іэпщ1эльапщ1эжмкІэ мы ныпыр хидыкІауэ аращ. Нып дахащэр щалъагъуэм, бгырыс мин бжыгъэхэм я джатэжэр зэуэ жьрапхъуэтри, гуфІэ гуоу макъышхуэ щІэту куэдрэ яГъэдэльащ, а гуо макъ лъэщым и джэрпэджжьым мэз къуэладжэхэр кьыдэпсалъэу».

И мыхьэнэр

Адыгэ ныпым и фэм, абы тещІыхьа вагъуэхэм, шабзэщхэм я мыхьэнэм теухуауэ жалэхэр зэщхьэщоІ. Дауи, апхуэдэу зэрыщытри бгъэщІагъуэ е бгъэемыкІу хъунукъым. Сыту жыпІэмэ, дэтхэнэ зыми езым и еплъыкІэм, и зыхэщІэм ельытауэ мыхьэнэ зэхуэмыдэ кьрагъэкІыфрынущ. Къищынэмыщ1ауэ, ар ялъ дыдэ зэхэзыгъуэвауэ щыта адыгэ гуащэу Истамбыл щынысам и цІэри тщІэркъым (Хъурыжьхэр Мэрем жызыІэ щыІэми), абы ныпым къригъэкІыну зыхуея мыхьэнэми дыщыгъуазэкъым.

ЩэкІ удзыфэм ислъам диныр, адыгэхэр муслъымэну зэрыщытыр кьыгъэлъагъуэу хуэзыгъэфащэ щыІэми, ар зэрымыпэжыр къэщІэгъуейкъым. Сыту жыпІэмэ, 1800 гъэхэм я пэщІдзэмри абы ипэжкІи ящІа адыгэ ныпхэм я нэхъыбапІэр щэкІ удзыфэм къыхэщІыкІат икІи а илъэсхэм иджыри муслъымэн диным къимыхьа адыгэ куэд щыІэт. Араущ, щэкІ удзыфэм къигъэльагъуэр Адыгэ Хэкур арауэ жызыІэжэм жаІэр сэри ядызоІыгъ, нэхъ сфІэзахуэщи.

Адыгэ ныпым и зэхэлъыкІэм къикІри тІэкІу зэщхьэщыкІыу къаІуатэ. Вагъуэ 12-м адыгэ лАкъуэхэр (е тІурытІу зэдзэлпІауэ, пс.п. къэбардей-бесльэнейхэр, шапсыгъ-натхъуейхэр) къикІыу нэхъыбэм къальэтэ. Ауэ Адыгэ лъэпкъ ныпыр ипэжыпІэкІэ зытещІыхьауэ щытар Адыгэ Хэкум и щІыналъэ 12-ц, адыгэ лАкъуэхэрщ, ахэр зэрызэхуэдэрщ, зэрыльапІэрщ, вагъуэу зэрыльагэрщ, зэрыгъуазэрщ. Шабзэшищ зэблэдзар адыгагъэм, лІыгъэм, зэкъуэтыныгъэм я нагъыщІщ.

Ныпым и мыхьэнэр, и пщІэр, и лъапІагъэр сыт жыпІэу щытмэ, кІэщІым и кІэщІыжу жыдыдвгъэІэ мыпхуэдэу: «Ныпыр напэщІ, дывгъэхъумэ! Хэкум, лъэпкъым я напэм хуэфащэу дызевгъакІуэ, дывгъэпсэу!»

ХЪУАЖЬ Фахъри,
щІэныгъэлІ, юрист, жылагъуэ узэщІакІуэ, уэсмэн-тыркубзэмрэ адыгэ жьабзэхэмрэ я зэдзэкІакІуэ.

● Гу зылъытапхъэ

Адыгэ ныпым и махуэм 2021 гъэм иращІэкІыну дауэдапщэхэр

Дуней псом щыпсэу адыгэхэм (шэрджэсхэм) илъэс къэс мэлыжьыхьым и 25-м зэдгъэлъапІэ Адыгэ ныпым и махуэр.

МАХУЭШХУЭР Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Іуэсащ1акІуэ гупым и зэІущІэм щагъэувауэ щытащ 2010 гъэм. Адыгэ ныпым и махуэр хабзэ хъуауэ щызэздалэт ди лъэпкъгъуэр щыпсэу хэгъэгуэм я мызакъуэу хамэ щІыналъхьэми: Тыркум, Иорданием, Израилым, Европэм щыщ къэралхэм, нэгъуэщІхэми.

Къэбардей-Балъкъэр Республикэм мы гъэм щрагъэкІуэкІынущ мыпхуэдэ Іуэхугъуэхэр:

Мэлыжьыхьым и 23-м

Дзэлыкъуэ, Лэскэн, Аруан, Шэджэм щІыналъэхэм, Бахъсэн къалэм я курыт еджапІэхэм щекІуэкІащ Адыгэ (шэрджэс) ныпым и махуэм теухуа зэхьхьэжэр, класс сыхьэтхэр, презентацэхэр.

Бахъсэн къалэ администрацэм щэнхабзэмкІэ и къудамэм къызэригъэпэщри, Щэнхабзэмкіэ унэм и гупэ утыкум деж сыхьэт 14-м щІидзэу щызэхэтащ махуэшхэм теухуа гуфІэгъуэ зэІущІэ.

Бэрбэч Хьэтіутіэ и цІэр зезыхьэ Къэбардей-Балъкъэр къэрал университетым къыщызэрагъэпэщащ адыгэ ныпым и тхыдэм, и мыхьэнэм теухуа лекцэхэр, зэІущІэхэр.

Мэлыжьыхьым и 24-м

Бахъсэн щІыналъэм иГуры еджапІэхэм я 9 - 11-нэ классхэм щІэсхэр зыхэт зэпеуэ екІуэкІынущ.

Мэлыжьыхьым и 23 - 24-хэм

Мэлбахьуэ Тимборэ и цІэр зезыхьэ лъэпкъ библиотекэм тхылъ гъэльэгуэныгъэ, лекцэхэр къыщызэрагъэпэщынущ.

Мэлыжьыхьым и 25-м

КЪР-м и Лъэпкъ музейм и лэжьакІуэхэм яГъэхъэзырауэ къызэІуахынущ адыгэ ныпым и тхыдэм теухуа гъэльэгъуэныгъэ. Ар екІуэкІынущ сыхьэти 10-м къыщыщІдзауэ сыхьэт 17 пщІондэ.

Къэрал киноконцерт гъэльэгъуапІэм щыхубз Іэпщ1ельапщ1эжм я Іэдакъэщ1экІэхэм я выставкэ къыщызэІуахынущ. Ардыдэм махуэшхэр концерт щатынущ республикэм и щэнхабзэмрэ гъэзджэмрэ я лэжьакІуэхэм. ЩыщІидзэнур сыхьэт 16-рщ.

● Мэзгъэфіэнхэм я лъэмакъ

Жылагъуэр щыгъуазэ щІын

ЩІыуэпсым хэхауэ яхъумэ и щІыпІэхэм (ООПТ-хэм) гулъытэ хэха хуэщІын зэрыхуейм трауху Іуэхугъуэхэм «Мэзгъэфіэнхэм я лъэмакъкІэ» («March for Parks») йоджэ. Дыщыпсэу лъэхъэнэм ахэр ЩІы Хъурейм тет къэралхэм ящыщу 200-м щигъуэм мэлыжьыхьым и 19-м къыщыщІэдзауэ и 26 пщІондэ щрагъэкІуэкІ.

УФ-м ЩІЫУЭПСЫМ хэхауэ яхъумэ и щІыпІэу 100-м щигъу итщ. Абыхэм я Іыхьэ щанэр ЮНЕСКО-м и биосферэ хъумалъэщ икІи дыкъэзыхъуреихь дунейм и хъугъуэфІыгъуэ нэхъ лъапІэ дыдэхэм хабжэ.

Ди къэралым «Мэзгъэфіэнхэм я лъэмакъ» Іуэхугъуэхэр къыщыІэзэлъэщІыр ЩІыуэпсым и хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министерствэрщ, УФ-м и Къэрал Думэм ЩІыуэпсыр къэгъэсэбэпынымрэ экологиемкІэ и комитетырщ, дыкъэзыухъуреихь дунейм кІэлъыплъыныгъэхэр щезыгъэкІуэкІ Іуэхугъапіэрщ, �щІыпІэ пхыдзахэмрэ абыхэм щыпсэу псэущхьэхэр хъумэныкІэ центрырщ, Урысей Федерацэм и Президентым деж щыІэ Жылагъуэ палатэрщ, властым и федеральнэ Іуэхущ1апІэхэрщ.

Іуэхур къезыхьэжьаужэм зи гугъу тщІы махуэхэм мэзгъэфІэнхэмрэ лъэпкъ парксэмрэ щІыхуэхуашэс, жыгыщІэхэр щагъэтІыс, кІэрыхубжьэрыхуэхэр щызэхуахьэс, псынащхьэхэр щагъэкъабзэ, къурихьэпІаХэр дерс гъэщІэгъуэнхэм щыщІагъэдэлъ. А Іуэхугъуэ псоми я мыхьэнэр зыхуэжІуэжыр зыщ: властыр, щІыхубэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэр, хъэрычэтыщІхэр, ЩІы хъурейм щІыхуу тетыр щІыуэпсым хэхауэ яхъумэ и щІыпІэхэм гулъытэ хэлэтыкІа зэрыхуэщІыпхьэм, дыкъэзыухъуреихь дунейм зэрыхуэсакъыпхьэм егъэгупсысынырщ, щІыпІэ пхыдзахэр эи хэщІапІэ хьэкІэжъуэкІэхэр, къэкІыгъэхэр щытыкІэ гугъуэ зэриувам жылагъуэр щыгъуазэ щІыныщ, къытщІэхъуэ щІэблэр щІыуэпсыр хъумэным хуэущиныщ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Пшыхьхэр

ХьэфІыцІэ Мухьэмэд ДАХ-м щагъэлъапІэ

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием и вице-президент, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфыцІэ Мухьэмэд и ныбжьыр илъэс 75-рэ зэрырикъур мэлыжьыхьым и 17-м щагъэлъапІащ «Трек» ресторанымрэ. ГуфІэгъуэ пшыхьыр къызэригъэпэщащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

ХЬэфІыцІэ Мухьэмэд къехъуэхъуну, и махуэщІыр дАэтынэу гуфІэгъуэ зэІущІэм кьеблэгъащ УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт **Нэхущ Заурбий**, КЪР-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ **Берд Хьэзрэталий**, профессор **БакІуу Хьанджэрий**, УФ-м и щІыхубэ артистхэ **Гъэсашэ Наталье**, КЪР-м щІыхь зиІэ и артистхэ **Даур Иринэ**, жылагъуэ лэжьакІуэ **Джэш ФатІимэ**, республикэм и апхуэт пажэхэр, и ныбжьэгъуэр, Іыхьлыхэр.

Къызэхэсахэр ХьэфІыцІэм гуапэу ехъуэхъуащ икІи дэтхэнэ зыми къыхифэщащ къызыхэкІа лъэпкъым ХьэфІыцІэм хуиІэжьа Іуэхутхьэбзэм и инагъыр.

- Жылагъуэ лэжьыгъуэ ебгъэкІуэкІым щыгъуаззэр ди щІыналъэм щыпсэуэхэм я закъуэкъым, ар хэІущІыІу щыхъуащ адыгэ щІпсэу щІыпІэ куэдым. Уи цІэр кьыгъэхьпІэ имыІэу епхащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхыдэм, абы и зэфІэувэным, зыужьыныгъэм. Лъэпкъ зэщІэхъеенныгъэм зиубгъуным, дунейпсо адыгэ щІэжьым зыкъиІэтыным, ди щэнхабзэм утыкур иубыдным, хамэщІ щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэмрэ хэкурыс адыгэхэмрэ зэрыубыдыжьным хэлтьхьа уи гуащІэм и инагъыр кьэлъытагъуейщ. Уи гукъыдэжьр мыужьхьыу иджыри илъэс куэдкІэ адыгэ лъэпкъымрэ ди Хэкумрэ ахуэлажьэу, ахуэщхьэпэу упсэуну ди гуапэщ! – зи махуэр зыгъэлъапІэм гуапэу ехъуэхъуащ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

Апхуэдэу къызэхуэсахам ягу кьагъэкІыжащ Мухьэмэд и къекІуэкІыкІам, и лэжьыгъэм ехьэлІа хъыбар гъэщІэгъуэнхэр. КъаІуэтэжхэр гъэнщІат абы далъэгъуа гуапагъэмрэ лъэпкъым хуиІэ лъагъуныгъэкІэ.

ЗыгъэлъапІэхэм фІыщІэ псалъэкІэ захуигъэзащ ХьэфыцІэ Мухьэмэд икІи къыхигъэщащ и лэжьэгъуэхэм, кьыдэгъуэгурыкІуа и ныбжьэгъуфІэхэм абы и гъащІэм увыпІэ хэха зэрыщаубыдыр.

ЩОДЖЭН Іэминэ,
ДАХ-м и вице-президент

● Бэнэкіэ хуит

Медаль зэмылІэужьыгъуиплІ

Бэнэкіэ хуитымкІэ Урысейм и зэхьэзэхуэ Наро-Фоминск щекІуэкІащ. Зи ныбжьыр илъэс 16 иримыкъуахэм я зэпэщІэтыныгъэм хэтащ ди бэнакІуэхэри.

МАХУИЩЦКІЭ зэхэта зэпеуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэм медалиплІ къыщахьащ. Щыбэна гупхэм пашэныгъэр щаубыдащ Герговков Саид (кг 52-рэ), Къэжэр Ислъам (кг 57-рэ), Хасауов Исмэхьил (кг 62-рэ) сымэ. Зэхьэзэхуэм и дыжьын медалыр зыІэригъэхьащ Іэщын Алихъан (кг 44-рэ).

КЪЭХЪУН Бэч.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм гущІыхьэ щыхъуауэ хъыбар фегъащІэ а жылагъуэ зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэм жыджэру хэта, УФ-м Финансхэмкіэ и министерствэм и Къэзыпщытэ-ревизионнэ управленэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІам и унафэщІ къулыкъум хьэлэлу илъэс куэдкІэ пэрыта, УФ-м щІыхь зиІэ и экономист, Урысей Федерацэм 3-нэ класс зиІэ и къэрал чэнджэщагъу, адыгэлІ щыпкъэ, хэкупсэ нэс **Сабаншы Хьэзрэталий Мустафа и къуэр** дунейм зэрехьажмкІэ икІи абы унагъуэм, и Іыхьлыхэмрэ ныбжьэгъуэмрэ яхуогузавэ.

● Мы махуэхэм

Мэлыжьыхьым и 24,
щІэбэт

♦**Дипломатием и дунейпсо махуэщ**
♦**ЩІалэгъуалэм я зэкъуэтыныгъэм и дунейпсо махуэщ**
♦**Къуэш зэрыщІа къалэхэм я дунейпсо махуэщ**
♦**Лабораторэхэм къыщагъэсбэгъэ псэущхьэхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ**
♦**Урысейм и МЧС-м и лэжьакІуэхэу зи къалэн зыгъэзащІэу хэкІуэдахэм я фэеплъ махуэщ**
♦**США-м щагъэльапІэ жыг хэсэным и махуэр**
♦**Ермэлы лъэпкъым залымыгъэ щыкІэлъызэрахьам хэкІуэдахэм я фэеплъ махуэщ**. 1915 гъэм Уэсмэн пащтыхьыгъуэм щызэтрауакІащ ермэлы лъэпкъым щыщ куэд. Абыхэм илъэс зыбжанэкІэ леишхуэ къащытехьащ Тыркум.
♦**1800 гъэм** США-м и президент Адамс Джон Конгрессым и библиотекэр къызэригъэпэщащ, тхылъэр къэщэхуным доллар минитху хухири.
♦**1803 гъэм** Урысейм и император Александр Езанэм Іэ щІидзащ Кавказым и Минеральнэ псэхъум ятеуху унафэм. Абы щыубзыхуат псы хущхъуэхэм къэралым и цІыхухэм я дежкІэ мыхьэнэшхуэ зэраІэри, ахэр нэсу къэгъэсэбэпа хъун папщІэ зыхуейзыхуэфІхэмкІэ къызэгъэпэщынри.
♦**1833 гъэм** газ зыхэт псыр къызэрагупсысам теуха тхылъ ятащ. Ар къэзыгупсысар Инджылызым щыщ Пристли Джозефт.
♦**1944 гъэм** къызэІуахащ ещанэ Белорус фронтыр.
♦Адыгэхэм я къекІуэкІыкІар зыджа, тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Кушевэ Екатеринэ** къызэралъхурэ илъэси 122-рэ ирокъу.
♦США-м щыщ уэрэджьыкІуэ, актрисэ цІэрыІуэ, композитор **Стрейзанд Барбарэ** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.
♦УэрэджьыкІуэ, КЪР-м и Ингуш Республикэм щІыхь зиІэ и артистхэ **Даур Иринэ** къыщалъхуа махуэщ.
♦Урысей гимнастхэ, дунейми Европэми я чемпионкэ, Алыджым и ныбжьыр Афинхэм 2004 гъэм щекІуэкІа гъэмахуэ Олимп Джэгуэм дыжьын медаль къыщІэзыхьа **Чащинэ Иринэ** и ныбжьыр илъэс 39-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 17, жэщым градуси 8 - 9 щыхьэнущ.

Мэлыжьыхьым и 25,
тхьэмахуэ

♦**Астрономием и дунейпсо махуэщ**
♦**Техьэгъуэм пэщІэтыным и дунейпсо махуэщ**
♦**ДНК-м и дунейпсо махуэщ**
♦**Псэущхьэхэм еІэзэ дохутырым и дунейпсо махуэщ**
♦**Италиер фашизмэм къыщыІэщІагъэкІыжа махуэщ**. 1945 гъэм фашист диктатор Муссолини Бенитэ къэралым ирахуауэ щытащ.
♦**Адыгэ ныпым и махуэщ**
♦**Португалием щагъэльапІэ хуитыныгъэм и махуэр**
♦**Австралиемрэ Новэ Зеландиемрэ я лъэпкъ гуфІэгъуэгъ - Хэкум и хъумакІуэм и махуэщ**
♦**Германием жыг щыхасэ и махуэщ**
♦**Мысырым щагъэльапІэ Синай хьІтыгуныкъуэр хуит къыщащІыжа (1973 гъэм) махуэр**
♦**Къэзахъстаным и футболым и махуэщ**. 2002 гъэм мэлыжьыхьым и 25-м ар УЕФА-м хыхьащ.
♦**Пингвинхэм я дунейпсо махуэщ**
♦**Пхъум и махуэщ**
♦**1895 гъэм** «Пащтыхь Александр Ещанэм и музей» къызэгъэпэщыным теухуа унафэр къыдэкІащ. Иджыпсту ар Къэрал Урыс музейрщ.
♦**1901 гъэм** США-м и Нью-Йорк штатым дунейм щыяпэу къагъэсэбэпу щыщІадзащ автомобилхэм тралъхьэ номерхэр.
♦**1920 гъэм** Налшык япэ медицинэ Іуэхущ1апІэ къыщыхэзІухащ.
♦**1931 гъэм** Порше Фердинанд Porsche автомобиль компаниер къызэригъэпэщащ.
♦**1934 гъэм** СССР-м и ЦІыхубз комиссархэм я советым унафэ къыщтащ къэралым ЩІэныгъэхэмкІэ и академиер Ленинград къагъэІэпэхьуКІыу Москва къахьыным теухуауэ.
♦**1942 гъэм** Москвэ къыщызэрагъэпэщащ «Гознак»-м ахъшэ къыщыщІагъэкІ и Іуэхущ1апІэр.
♦**1945 гъэм** СССР-мрэ США-мрэ я дзэхэр Германием щыІэ Эльбэ псы Іуфэм деж щызэхуэзащ.
♦**1945 гъэм** Сан-Францискэ (США) къыщызэІуахащ Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм и Уставыр зэхэлъхьэным теухуа дунейпсо конференцыр, къэрал 50-м я лІыкІуэхэр зыхэтар.
♦**2007 гъэм** щІалъхьащ Урысейм и япэ Президенту щыта **Ельцин Борис**.
♦Совет Союзым и Маршал, Совет Союзым щэнейрэ и ЛІыхьжь **Будённый Семён** къызэралъхурэ илъэси 138-рэ ирокъу.
♦Совет композитор-уэрэдус, СССР-м и цІыхубз артист **Соловьёв-Седой Василий** къызэралъхурэ илъэси 114-рэ ирокъу.
♦АР-м и цІыхубз тхакІуэ, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Льостэн Исуф** къызэралъхурэ илъэси 108-рэ ирокъу.
♦Совет эстрадэм и артист цІэрыІуэ, СССР-м и цІыхубз артист **Акопян Арутюн** къызэралъхурэ илъэси 103-рэ ирокъу.
♦Совет актёр, СССР-м и цІыхубз артист, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфащэ **Яковлев Юрий** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.
♦Совет актёр, УФ-м и цІыхубз артист **Кононов Михаил** къызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.
♦США-м щыщ актёр, режиссёр цІэрыІуэ, саугъэт куэдым я лауреат **Аль Пачинэ** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.
♦ПшынаУэ Іэзэ, КЪР-м и цІыхубз и артист **Къуэдз Іэбубэчыр** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.
♦Къэрал къулыкъущІэ, политик, ЛДПР партым и къызэгъэпэщакІуэ икІи и унафэщІ **Жириновский Владимир** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.
♦Совет хоккеист, СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, къэралым и командэ къыхэхам хэту Олимп Джэгуэм щэнейрэ щытекІуа **Третьяк Владислав** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.
♦КъШР-м щІыхь зиІэ и артистхэ, КЪР-м и цІыхубз артистхэ **Щэрмэт Людмилэ** къыщалъхуа махуэщ.
♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, къэрал лэжьакІуэ **Щхьэгъэпсо Сэфарбий** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфаУэ щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщышхынущ. Хуабэр махуэм градус 11 - 12, жэщым градуси 2 - 10 щыхьэнущ.

Мэлыжьыхьым и 26,
бныщхьэ

♦**ЦІыху акъылым къилэжьа мылъкум и дунейпсо махуэщ**
♦**Къуэш зэрыщІа къалэхэм я дунейпсо махуэщ**
♦**Радиацэ къэхъуакъащІэхэм я зэранкІэ дунейм екъыжахэм я фэеплъ махуэщ**. 1986 гъэм къуэщ Чернобыль дэт атом электростанцыр. И лъэщагъкІэ ар хуэдэ 500-кІэ нэхъ гуащІэт 1945 гъэм США-м Хиросимэ щридзыха бомбэм нэхърэ. Радиацэм СССР-м и щІыналъэм щыщу километр зэбгъуэзнатІэ мини 155-рэ ияуІэнІат, абы щыпсэу цІыху мелуаниблым я гъащІэмрэ уэзнщагъэмрэ и зэран екІынкІэ щынагъуэу.
♦**Урысейм и Нотариат ІэнатІэм и махуэщ**
♦**Армением и гъунапкъэхъуэмэ и махуэщ**
♦**Тэтэр Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - я анэдэлъхубзэм и махуэщ**
♦**Марий Эл Республикэм щагъэльапІэ лъэпкъ лІыхьужьым и махуэр**
♦**1658 гъэм** Урысейм и пащтыхь Романов Алексей и унафэкІэ Москва и Кремлым и чэщанэ нэхъыщхьэм и цІэр Спасскэ жиІэу зэрахъуэкІащ.
♦**1828 гъэм** Урысей империем Уэсмэн къэралыгъуэм зауэ ирищІылІащ.
♦**1952 гъэм** Мэлбахьуэ Тимборэ Къэбэрдей АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэщІу хэхащ.
♦**1954 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэр арэзы техьэащ и Президиумым къыщта унафэм, Кърым областыр РСФСР-м хэгъэкІауэ Украин ССР-м хэгъэхьэным теухуам, икІи Совет Союзым и Конституцэм зыхуэфащэ зэхъуэкІыныгъэхэр хилъхьащ.
♦**1991 гъэм** РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Унафэщ1 Ельцин Борис Іэ щІидзащ «Лей зытехьа лъэпкъэр гъэзэхуэжьыным и Іуэхукіэ» Законым.
♦Музыковед, литературовед, критик цІэрыІуэу щыта, УФ-м и цІыхубз артист **Бэлзэ Святослав** къызэралъхурэ илъэс 79-рэ ирокъу.
♦АР-м и политикэ лэжьакІуэ, театровед, журналист, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Щхьэлахьуэ Светланэ** къыщалъхуа махуэщ.
♦Урысей тележурналист **Киселёв Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.
♦Къэрал къулыкъущІэ, Тамбовскэ областым и администрацэм и унафэщІ **Никитин Александр** и ныбжьыр илъэс 45-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфаУэ щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 15, жэщым градуси 9 - 10 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Ахъшэр убыдыгъуейщ.

«КЪР-Медиа» къэрал кІэзонэ Іуэхущ1апІэм, КЪР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Іуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, ВГТРК-м и «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ хъыбарегъащІэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм, «Тетраграф» ООО-м я лъэкІуэхэр, Къэбэрдей Адыгэ Хасэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм хэтхэр «Адыгэ псалъэ» газетым Жэуап зыхь и секретарь **Къаншокъуэ Эллэ Вячеслав и пхъум** хуогузавэ абы и адэ къуэш **Къаншокъуэ Хьэсэн Хьэгуцырэ и къуэр** дунейм зэрехьажам къыхэкІыу.

Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрым Гуманитар хэхъутэныгъэхэмкІэ и институтым и лэжьакІуэхэр Іуэхущ1апІэм и щІэныгъэ лэжьакІуэ **Шэрджэс Заретэ Валерий и пхъум** хуогузавэ абы и дэлъху **Къуэдзокъуэ Мурат Валерий и къуэр** дунейм зэрехьажам къыхэкІыу.

● КъБР-р илъэси 100 ирокъу

Зеикъуэ къуажэм щыщ щIэныгъэхэм я докторхэр

Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор Нэхущ Iэдэм

Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор Къэрмокъуэ Хьэчим

Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор Дыкъынэ Хьэсэнбий

Филологие щIэныгъэхэм я доктор ГъукIэл Фатимэ

Адэмрэ пхъумрэ я зэфIэкI

Илэжь Iуэхуфlхэмкlэ, и дуней тетыкIэмкIэ жылэм къахэщу, фIыуэ ялъагъуу цIыху цIэрыIуэ куэд къахэкIащ Сэбаншыхэ. Мы тхыгъэ кIэщIым сыщыгъэпсэлъэхьыну сыхуейщ лъэпкъым и бын пажэхэм ящыщу Сэбаншы Хьанджэрий, абы и къэрылъху Хьусен, абы ипхъу Жанеттэ сымэ.





КъЭБЭРДЕЙ-Балъкъэр къэрал университетым и инженер-техникэ кIуданэм и машиноведение кафедрэм илъэс 28-м нэсауэ и унафэщI, техникэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор Сэбаншы Хьусен зэхэщIыкI куурэ акъыл жанкIэ Тхьэр зыхуэупса щIэныгъэлIщ. Языныкъуэ егъэджакIуэхэм хуэдэу, лекцэхэм къыфIэмыIуэхуу кьеджэу къыщIэкIыжхэм ящыщкъым Хьусен. Iуэхур щхьэпэрэ мыщхьэпэрэ къызэрахутэр кIэхъымкIэщ. Ар къыгурыIуэу, гуузлыуэ иIэу и Iэщагъэм бгъэдэтщ Хьусен илъэс 53-м нэсауэ.

Хьусен и гукъэкIыжхэм щIыпIэшхуэ щеубыд и адэшхуэ Хьанджэрий. И къуэр дунейм ехьыжа нэужь, и къэрылъхум и гъэсэныгъэр и пщэ дилъхьэжат абы. Тхьэм къыхилъхьауэ Хьанджэрий Iэзагъэшхуэ бгъэдэлъу къыщIэкIынт, армыхъумэ зыщIыпIи щемыджауэ, зыми имыгъэсауэ дауэ къыгурыIуэ къупщхьэ къутам зэрелIэ-ну Iэщагъэм и щхэу псори?

- Зи къупщхьэ къутауэ си адэшхуэм и деж кьрашэлIауэ зыдэмыIэпыкъуу зыри Iуигъэкlыжыртэкъым, и пщIи кьалIихыртэкъым. Уеблэмэ, къупщхьэр ирыязщIишхэу кьигъэсэбэп щэкIхэр еэым щхьэхуэу зэрихьэрт, ар зыхуэзфIэмыкIхэм ярихьэлIэрт. Сэри абы сыдэIэпыкъуурэ, нэхъри балигъыпIэ сыщиувам, си адэшхуэм хуэдэу слъэкIырт къупщхьэ къутар и пIэ изгъэувэжыну, зэщIэсшхэу сымаджэр сутIыпщыжыну. Пэжу жысIэнщи, сэри сигу илъат дохутыру седжэну, ауэ нэгъэущIщ IэщIагъэ схуэхъуар, - игу кьегъэкIыж Хьусен.

Псэухукlэ и Iэзагъэм хигъахъуэу ихьащ Хьанджэрий. Ар зэрыIэзэ Iэмалым нэхъыщхьэу хэлъыр сыт жыпIэмэ, къупщхьэ къутар е щэщар зэхуэпхьэсыжу и пIэ ибгъэувэжа нэужь, зэпыудыпIэр мыхъейуэ, ауэ езы лъакъуэр е Iэр зекIуэу щыгъэтынрат. Зи гугъу тщIы Iэщlагъэм мылъку къыхихыну щыгугъуу Хьанджэрий зэи псэуакъым. Ар лэжьакIуэшхэт, псэуныгъэкIэ, унэ-лъапсэ зехьэнкIэ куэд къыщIэмыхьэу.

«Псыпэр зэрыкIуэм псыкIэр ирожэ», - жыхуаIэращи, щIэныгъэм хуэпабгъэ Сэбаншы Жанеттэ Хьусен и пхъум адэр зыщIэхъуэпса дохутыр Iэщlагъэр зригъэгъуэтащ. КъБКъУ-р 1996 гъэм фIы дыдэу къиуха нэужь, медицинэ колледжым илъэс зыбжанэкIэ щригъэджащ. Зи щIэныгъэм зэпымыуу хэзыгъаХъуэ цIыхубз гумызагъэм уз зэрыцIалэхэм еIэзэныкIэ и кьохутэныгъэхэр къыщIэлъэгъуащ кандидат, доктор диссертацэхэм. Жанеттэ егъэджакIуэ Iэнатlэм жыджэру бгъэдэтщ, «Лечебное дело», «Стоматологие» кьудамэхэм я студентхэм фтизиопульмонологиемкIэ щIэныгъэ ярет.

ГъащIэм и гъуэгу пэжым зи щIэблэр тезышэ Сэбаншы Хьусенрэ мылъкуу щыIэм нэхъ лъапIэ узынщагъэм и Iэмалхэм и щхэхуэр щIэблэм ябгъэдэзылъхьэ Жанеттэрэ я гъащIэ гъуэгуанэр кIыхь хъуну ди гуапэщ.

ЩОДЖЭН Iэминэ.

Зеикъуэ къуажэм и гербыр

Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор Бгъэжьнокъуэ Барэсбий

Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор Къэрмокъуэ Ахьмэд

Мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор Унэж Хьэсэн

Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор Щоджэн БетIал

Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор Къарэнашэ Анзор

Психологие щIэныгъэхэм я доктор Бгъэжьнокъуэ Ириней



ЩIэныгъэр зыгъэнэхъапэ Щауэ Мухьэмэд

Биологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ООН-м хэт Дунейпсо Академием и академик, КъБКъУ-м и биологие факультетым физиологиемкIэ и кафедрэм и унафэщI Щауэ Мухьэмэд Зеикъуэ къуажэ къыдэкIащ. И щIэныгъэрэ и зэфIэкIрэ химыгъэхъуэу, ахэр иримыгъэфIакIуэу ар зы махуи лэжьакъым.

ЩIэныгъэ лэжьыгъэ 300-м щIигъу къыдигъэкIащ Щауэм. Хамэ къэралми Урысейми щекIуэкIа конференц зэмылIэужьыгъуэ куэдым хэтащ, езым апхуэдэ зэхьихьэу тIу Налшык къыщызэригъэпэщри иригъэкIуэкIащ 1986, 1988 гъэхэм.

ЩIэныгъэм кууэ зэрыхэтым нэмыщI, Щауэ Мухьэмэд егъэджэныгъэми и къару куэд хелъхьэ, щIэблэм щIэныгъэ зэрабгъэдилъхьэным яужь иту. Ар я унафэщIу студент 200-м щIигъум диплом лэжьыгъэхэр ящIащ, езым къызэIуиха щIэныгъэ школым кандидату 14, доктору 2 щигъэхьэзыращ.

Гупсысэ кууэр пэжагъ нэскIэ зи псалъэжьхэр гъэнщIа адыгэм пасэм жиIэращ: «УзыгъэпсалIэри узыгъэпудри уи Iуэхущlафэхэращ». Хэплъхьэни хэбдзыни щымыIэу пэжщ ар, абы кIыIуатэ гупсысэр. Урысейм и щIэныгъэлIхэм Мухьэмэд и лэжьыгъэхэм пщIэшхуэ кьыхуащIащ. Апхуэдэу, абы кьыхуагъэфэщащ «УФ-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» щIэ лъапIэр.

ЩIэныгъэм зыгуэр щIэуэ хэплъхьэныр, кьэпхутэныр гъуэгу дэгъэзэещ-гъуэм урикIуэным ещхьмэ, Мухьэмэд а гъуэгум иракIуэ зэпытщ. ЩIэныгъэлI гумызагъэ Щауэ Мухьэмэд иджыри и къару илъыгъуэщ. Дохьуэхъу нобэ хуэдэу жыджэру, узыншэу дяпэкIи илъэс куэдкIэ цIыхухэм яхуэлэжьэну.

КЪАРЭНАШЭ Топаш.

Хэкупсэ нэст

Химие щIэныгъэхэм я доктор, профессор Шурдым Гъэзалий

ЗэфIэкI зыбгъэдэлъ, гу къабзэ, Iуэхуфl зылэжь цIыху пэрыт куэд къытхэкIащ адыгэхэм. Абыхэм ящыщт щIэныгъэлI Iэзэ, къыззэтепщIыкIыу акъыл гъэтIылъа зиIэ, Зеикъуэ къуажэм къыдэкIа Шурдым Гъэзалий.

АдыГэ лъэпкъым къыхэкIауэ, «физическая химия» унэтIныныгъэмкIэ «щIэныгъэхэм я доктор» цIэ лъапIэр япэу зратар Шурдым Гъэзалийщ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр 1957 гъэм къызэрызIуахрэ абы щекIуэкI щIэныгъэ лэжьыгъэр къззыIэтахэм, ар ипхIэ зыгъэкIуэтахэм ящыщт Гъэзалий. Лэжьыгъэм хуэхьэпэ сабий Iэплэрысу ди адэр дунейм ехьжащ. Ди анэ Жансурэт и закъуэ дыкъызэфIигъэуващ, зэманыр гугъуми, гугъуехьэм кьапикIуэтакъым ар. ЩIэныгъэм зеттыну мурад щытщIми, кьыдиныгъащ. ЕджапIэ нэхъыщхьэр кьэзухри, кьуажэ школым сыщылажьэуэр илъэс дэкIауэ, университетым кьыбгъэдэкIыу телеграммэ кьыслэрыхьащ. Абы кьыщыззIуаха кафедрэщIэм и унафэщIу сагъэувыну сраджэу арат. Си анэм и закъуэ кьыдэнэу кьалэм згъэзэжыну си гум идэртэкъым, ауэ абдежми си анэм сытригъэгушхуащ къызагъэза дзыхьыр згъэпэжыну», - игу кьигъэкIыжырт Гъэзалий.

Iуэху еплъыкIэ гъэщIагъуэнхэр и лэжьыгъэм и лъабжьэу егъэджэныгъэ-щIэныгъэ Iэнатlэм щыхуэзфIэкIар мащIэтэкъым Гъэзалий.

«Си гугъэмкIэ, нэхъапэм щIалэгъуалэр щIэныгъэм нэхъ хуэнэхъуеиншэу щытащ. Иужьрей зэманым еджапIэ нэхъыщхьэ кьэзыуххэр нэхъыбэ хъуами, гурэ псэкIэ щIэныгъэм кьэхьыхьэхэм я бжыгъэр куэд хъуркъым. Иджырей гъащIэм щIэныгъэншэу уэхтыфыну щыткъым. УкъызыхэкIа лъэпкъым сэбэныногъ кьыхуэпхьу упсэмэ, араш, тэмэмыр. КьыщынэмыщIауэ, щIыхур сыт и лъэныкъуэкIи кьабзэу, пэжагъ ин хэлъу щытын хуейщ. Ар кьызэхъулIахэм сащыщу кьызолъытэ. А псом кьадэкIуэу, укъызыхэкIа лъэпкъыр фIыуэ плъагъуу, ар ипхIэ кIуэтэным уи лэжьыгъэри щIэныгъэри хузунэтIауэ упсэунырэ нэхъыщхьэщ. Лъэпкъым хуэпащIэращ мыхьэнэ зиIэр, - жиIэрт щIэныгъэлI Iэзэ, егъэджакIуэ хьэлэмэт Шурдым Гъэзалий.

ЩОДЖЭН Iэминэ.

Зыгъэпсэхукlэ зымыщIэ

Щауэ Iэбубэчыр Зеикъуэ къуажэ къыщалъхуащ, химие щIэныгъэхэм я докторщ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием хэтщ, профессорщ. Ар КъБКъУ-м и химие кьудамэм щекIуэкI щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа, зэфIэкI лъагэ, щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ Iэщlагъэлlщ. Курыт еджапIэм фIыуэ щеджэ щIалэм химие унэтIныныгъэр къыхихынымкIэ сэбэп къызхуэхъуахэм ящыщщ школым а предметыр щезыгъэджа Ует Аслъэнбийрэ и къуажэгъу нэхъыжьыфI, щIэныгъэлI Къуэдзокъуэ Хьэмидбийрэ.

Къуажэ школым 1972 гъэм къыщIэкIа нэужь КъБКъУ-м и химие къудамэм щIотIыкIхьэ Щауэр. Ар 1977 гъэм къеухри, «Севкавэлектроприбор» заводым илъэскIэ щылэжьауэ, университетым и щIэныгъэ-къэхутакIуэ къудамэм и щIэныгъэрыплажьэ нэхъыщхьэу къащтэ. И кандидат лэжьыгъэр зы илъэс нэхъ дэмыкIыу щыпхигъэкI Москва дэт химие технологиехэмкIэ институтым. Егъэджэныгъэми къэхутэныгъэ лэжьыгъэми фIыуэ ехъулIэ щIалэм «Химия высокомолекулярных соединений» зыфIащта и доктор диссертацэри КъБКъУ-м щыпхегъэкIри, 2000 гъэм химие щIэныгъэхэм я доктор, иужькIэ профессор цIэ лъапIэхэр фIащ. Ар 2002 гъэ лъандэрэ КъБКъУ-м и Диссертацэ советым хэтщ.

- ЩIэблэр егъэджэнымкIи, щIэныгъэм зэрыбгъэдэтымкIи, и дуней тетыкIэкIи, дэбгъуэн щымыIэу, нэгъэсауэ адыгэлIщ, цIыху псэ къабзэщ, ныбжьэгъу пэжщ. ЦIыхум и хьэл-щэным мьхъумыщIагъэ гуэр хэлъмэ, зы зэман къызэпхыIукIынущ. Iэбубэчыр зэрысцIыху зэман кIыхьым зытетым темыкIыу апхуэдэщ. Хьэрэмагъ, гъэпцIагъэ зигу къэмыкIщ, - жеIэ щIэныгъэлI, Iэбубэчыр зэман куэд хьуауэ и ныбжьэгъу Хъурей Арсен.

И кьаурэр зэфIэкIрэ емыблэжу илъэс куэд лъандэрэ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ, щIэныгъэ-къэхутэныгъэ Iэнатlэхэр езыхьэкI Щауэр мызэ-мытIэу ягъэпэжащ дамыгъэ лъапIэхэмкIэ, щытхъу, фIыщIэ тхылъхэмкIэ.

- Си хьэлым зыдзэгъуэу зыгуэр схэлъщ - зыгъэпсэхукIэ сщIэркъым, - жеIэ Iэбубэчыр.

Насыпыр зыхихьагъуэр сэбэпынагъ зыпылъ Iэнатlэм и кьару емыблэжу пэрытныырщ.

КЪАРЭНАШЭ Мадинэ.

Куэдым хунэс Унэж Кашиф

Философие щIэныгъэхэм я доктор, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и профессор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м ис лъэпкъхэм я тхыдэмрэ этнографиемкIэ кафедрэм и унафэщIу щыта Унэж Кашиф Хьэждаут и къуэр къыщацIыхур ди республикэм, Кавказ Ищхьэрэм я закъуэкъым, атIэ Урысей псом и цIэр фIыкIэ щыIуащ. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ щIэныгъэ лэжьыгъэу 200-м щигъу, еджапIэ нэхъыщхьэхэм зэрыщрагъаджэ тхылъыщ, класс нэхъыжьхэм щIэсхэм папщIэ зы тхылъ, монографиехэр хэту.

Кашиф егъэджэныгъэм, щIэныгъэм щыхиша лъагъуэ кIыхьщ икIи бгъуфIэщ. Тхыдэм щыщу кьигъэлъэгъуэж Iуэхугъуэхэр, философие лъабжьэ зиIэ лэжьыгъэхэр, и Iэнатlэм гурэ псэкIэ зэрыпэрытыр сэбэпышхуэ яхуохъу студентхэм, аспирантхэм, докторантхэм, цIыхубэм.

Кавказ Ищхьэрэм и щIэныгъэлI пашхэм ящыщ Унэж Кашиф Зеикъуэ адыгэ жылэжьым къыщалъхуащ, еджапIэр къиуха нэужь, Къбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щIэтIысхьэри, тхыдэ-филологие факультетым щеджащ. ЩIэныгъэм хуэнэхъуеиншэ щIалэр хуейтэкIым зыIэригъэхьа екIуэлIэныгъэмкIэ къэувыIэну. Абы ипкъ иткIэ, Москва къэрал университетым и аспирантурэм щIэтIысхьэри, кандидат лэжьыгъэри абы щыпхигъэкIащ.

- Кашиф лэжьэн щыщIидзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и щIэныгъэ институтым. ИужькIэ КъБКъУ-м Бэрбэч ХьэтIутIэ къыщызэIуихауэ щыта, КъБР-м ис лъэпкъхэм я тхыдэмрэ этнографиемкIэ кафедрэм щылэжьащ, 1995 - 2015 гъэхэм а кафедрэм и унафэщIт.

И щIалэгъуэм дихьэхыу зыпэрыха Iэнатlэм Iуэху хъарзынэкIэр щызригъэхъулIащ Унэжым, абы къыдэкIуэуи щIэныгъэ лэжьыгъэ купщIафIэкIэр, тхылъхэр и Iэдакъэ къыщIэкIащ, зэпымыууэ студентхэм ядолажьэ. А къалэнитIыр зэдэпхыну гугъу пэтми, ахэр зэпэщIэпх мыхъуну кьызэрилъытэм кьыхэкIыу, щIэныгъэлIым и пщэрылъхэр гъэззэщIэныр кьехьэлъэкIырыкъым.

- Студентхэм уащыхэтым деж, къару нэрымылъагъу гуэрым уэзщIеIэтэ икIи щIэ гуэрхэр къэхутэныр Iэмал имыIэу кьыпхуегъэзыв, - жеIэ профессорым. - Тхыдэм хэт сыт хуэдэ къэхъукъащIэри пэжу, Iупщу, зэпкърыхауэ ныбжьыщIэхэм я пащхьэ илъхьэн хуейщ. Абы папщIэ еш умыщIэу, зэпымыууэ улэжьэныр Iэмал зимыIэщ. А Iуэхум уэзрыпэлъэщIын кьару кьыпхалъхъэ езы студентхэми, нэгъэущIу жыпIэмэ, абыхэм ептым хуэдизу дыдэ кьуатыж.

Ауэ щыхъуkIи, Кашиф арэзы хъуркъым студентым тхылъым кьриха жэуап гъущэмкIэ. Ар нэхъ кууу гупсысэу, зэджам и лъабжьэр кьыщежьэр зригъэщIэну и нэр кьыхуикIыу ирегъаэз, зэпкърих Iуэхум и лъабжьэр кьмупсищкIэ хэтащ (2012 - 2015 гъ.ГъI.).

Къыхэгъэщыпхъэщ Унэжым гугъуехьэхэр кьызэринэкIыныныкIэ, насыпыфIэу псэунымкIэ и унагъуэр и щIэгъэкъуэну кьызэрекIуэкIар. И щхьэгъусэ Маритэ КъБКъУ-м щолажьэ, хъыджэбзитI яIэщи, тIуми щIэныгъэ нэхъыщхьэ тIурытI яIэщ. Мадинэ юристу мэлажьэ, Оксана экономистщ, ахэр унагъуэ хьужащ.

Кашиф зэрыщIэныгъэлIым, зэрыегъэджакIуэм, зэрыпрофессорым кьыдэкIуэу икIи дадэ гумащIэщ. Абы и пхъурылъхуэрщ иджыпсту и дунейр зыгъэщIэращIэр, и гъащIэр зыгъэIэфIыр.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор Дыкъынэ Анзор

Медицинэм и доктор Дыкъынэ Залым

Медицинэм и доктор, профессор Шурдым Гюнсел *(Тырку)*

Химие щIэныгъэхэм я доктор Шурдым Барэсбий


Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор Нэхущ Викторие

Философие щIэныгъэхэм я доктор Къумыкъу Iэуес


Экономикэм и доктор ГъукIэлI Сакинэ *(Германие)*

Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор Ашэбокъуэ Борис

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

Зыгъэхьэзырар
НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ

● Чэнджэщхэр

Гъуаплъэ хьэкъущыкъукІэ тхъу зэрахьэркъым

♦ Джэдыкіэ ивыкіар псынщіэу псы щіыіэм хэплъхьэмэ, и фэр текіыгъуафіэ мэхъу.
♦ Тхьэв япщам и щхьэм Іэмал имыІэу хьэжыгъэ траудэ е щэкі трапхъуэ. Апхуэдэу умыщІмэ, тхьэвыр къэтэджыгъуей мэхъу, и щхьэри тогъукі.
♦ Пщагъэр псы хуабэщІкІэ зэІах, хуабагъыр градус 27 - 32-рэ хъууэ. Псы щІыІэкІэ пщагъэр ягъэткІумэ, тхьэвыр тэджыгъуей мэхъу, псывэІуэ ящІмэ - пщагъэр хэкІуэдэнущ.
♦ Гъуаплъэ хьэкъущыкъукІэ тхъур зэрахьэркъым, абы щІэх щыхэІохьэри.
♦ Хьэжыгъэр (нартыху хьэжыгъэри, гуэдз хьэжыгъэри, нэгъуэщІри) шхыныгъуэ къыхащІыкІын и пэ къихуэу Іэмал имыІэу кхъузанэкІэ яухуэнщІ, жьы щІихун щхьэкІэ.
♦ Гъэшхэкіэр нэхъ куэдрэ зэІыхьэркъым зэрыт хьэкъущыкъур бинткІэ щхьэщыпхыкІауэ щІыІэпІэ бгъэувмэ.
♦ Къэбар щагъавэкІэ псы куэд щІакІэмэ щІынэ мэхъу, и Іэфіри щІех.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Псалъэ шэрыуэхэр

ГуэшакІуэ Іыхьэншэщ

♦ Хамэм ухуэмыубэ, быным ухуэмыдзыхэ.
♦ Хьэщіэр бысымым и гъэрщ.
♦ Хьэщіэр жэщищ исмэ, быным ящыщ мэхъуж.
♦ Бажэм дыгъужьибл кьегъапцІэ.
♦ Бжьэм фо здэщыІэр ещІэ.
♦ Быымыр жьы зэрыхъур и фэщ.
♦ Гуэным имылъмэ, Іэнэми телъкъым.
♦ Жьылэм дэлъмэ, уиІэщ.
♦ ЖысІэр щІэ, сщІэм уемыплъ.
♦ ГуэшакІуэ Іыхьэншэщ.
♦ Губзыгъэм и гуІэгъуэр делэм и гуфІэгъуэщ.
♦ Къуажэ зиІэ нэф нэхърэ - гухъу зыщІыфІ Іэшэ.
♦ Гугъуехь зымылъэгъуэм гъуэгуанэ хуэшэчыркъым.
♦ Емынэм къелар хъумбылейм екьыж.
♦ Зыщэм и напэр къэзыщэхум и уасэщ.
♦ ЕсыкІэ умыщІэмэ, Іупщіа псыми уитхьэлэжьнщ.
♦ Къуэщ1ий мафІэми шэ къеГъэпщт.
♦ ЗыщІэм жиІэркъым, жызыІэм ищІэркъым.

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Тыркум, Сирием, Иорданием къикІа хьэщІэ гупым Налшык зышалпъыхь. *Сэмэгумкіэ къыщыщІэдзауэ:* Исмелыкъуэ Ордемыр, ЛІыбзу Даут, Хъуажь Мухьэмэд-Хъер, Бидэнокъуэ Нихьэт, бысым щІалэ Хьэфыщіэ Мухьэмэд, Тхьэбысым Сэмихь, Хъуажь Фахъри, Мэшхуэфі Нэждэт.

Сурэтыр **Шпанагель Эткар** *трихащ. 1978 гъэ, шыщхьэуІум и 29*

● Шхыныгъуэ

Дзасэкіэ гъэжьа мэлыл

Мэлылыр яупщІатэ г 30-35-рэ я хьэлъагъыурэ, псы щІыІэкІэ ятхъэщІ, дзэку тепщэчым иралъхъэ, яшыу, шыбжий хаудэ, бжьын ущэба халъхьэри, фІыуэ зэІащІэ. Абы, зэІащІэурэ, къундэпсо щІыІэ щІакІэ, и щхьэр трапІэжри, щІыІапІэ ягъэуври, нэху къраГэкІ. А зэманым лыр зэ-тІэу зэІащІэ. Лыр ягъэжьэн и пэ къихуэу, къундэпсо щІагъэж, лыр Іэнэ гъущэм е пхъэбгъум тракІутэри, лым кІэрыпщІахэр къыкІэрах икІи лыр ягъэжэпхъ. Лы тыкъыр жэпхъахэр дзасэм фІалъхьэри, хьэзыр хъуху мафІэ дэпкІэ ягъажьэ. Лы жьар тхъуэплъ дахэу, мэ гуакІуи къыхихыу щытын хуейщ. Пщтыру Іэнэм трагъэувэ. Дашх щІакхъуэ, чыржьын, хьэлІамэ.

Халъхьэхэр (цІыхуиплІ Іыхьэ):
Мэлыл лыпцІэу - г 1200-рэ
Къундэпсоуэ - г 2000
Бжьыныщхьэ ущэбауэ - г 100
Шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхынхэр» тхьылъым къитхыжащ.

● ГъэщІэгъуэнщ

Уасэр къыщежьар

Пасэрей алыдж тхыдэтх Геродот (ди эрэм и пэкІэ 490 - 425 гъэхэм) зэритхыжамкІэ, пасэрей Иллирим (Балканхэм щыІа къэралыгъуэщ) хабзэ гъэщІэгъуэн щекІуэкІырт. Зи дэкІуэгъуэ хьуа хьыджэбзхэр ящхырт. Абдежым уасэр къыщежьауэ хуагъэфащэ.

* * *

Дыгъэм и радиусыр ЩІым ейм нэхърэ хуэди 109-кІэ, и щхьэфэр ЩІым нэхърэ хуэдэ 1.300.000-кІэ, и хьэлъагъыр - хуэдэ мин 330-кІэ нэхъ инщ. Дыгъэм и хьэлъагъыр абы и хъуреягъыр къэзылъэтыхь планети 9-м я хьэлъагъым нэхърэ хуэдэ 750-кІэ нэхъыбэщ. Ар нэхъ тэмэму къыбгурыІуэн щхьэкІэ, мыпхуэдэ щапхъи къэпхъ хьунущ. Зы хьарбызышхуэрэ хугу хьэдэ щІыкІурэ зэбгъэдэплъхьэмэ, сыт хуэдэу зэхуэхьуэрэ? Апхуэдэщ Дыгъэмрэ ЩІымрэ.

* * *

Яп1э спутникыр СССР-м 1957 гъэм жэпуэгъуэм и 4-м иутІыпщащ. Спутник Іэрыщ1 нэхъыбэ дыдэ щаутІыпщар «Плесецк» космодромымрщ - спутник 1.452-рэ. ЕтІуанэ увыпІэр абыкІэ зыІыгъыр Байконурщ - 1.031-рэ, ещанэр - Канавералщ (США) - 590-рэ.

* * *

Тхьэгурымагъуэ Уэллс къигупсыса и романхэм къыщигъэлъэгъуат: 1889 гъэм Іэщэ папщІэу лазер кьызэрагупсысынур, 1899 гъэм видеомагнитофон зэрызэпкъралъхьэнур, 1901 гъэм автомобилхэр уэрамхэм дэмыхуэж зэрыхъунур, 1903 гъэм зауэхэм танкхэр куэду къыщагъэсэбэпу зэрыхуежьэнур, 1914 гъэм атомнэ Іэщэ шынагъуэр кьызэрагупсысынур.

* * *

Сату нэхъыбэ зыщІ къэралхэм яп1э итщ США-р. Абы зы илъэсым къриубыдэу нэгъуэщІ къэралхэм доллар мелард 688,7-рэ и уасэ сату ядещІ. Ар дунейпсо сатуи и процент 12,6-рэ мэхъу. ЕтІуанэ увыпІэм щытщ Германиер - доллар мелард 511,7-рэ (9,4%). Абыхэм якІэлъокІуэ Франджыр - мелард 489-рэ, Япониер - мелард 421-рэ, Инджылызыр - мелард 282-рэ. Урысей Федерацием и сатур доллар мелард 66-м зэрыщыхьэдэх щыІэкъым. Дунейм сату щыщІэнымкІэ дяп1э къэрал 19 итщ.

● Іущыгъэ

Шабзитl

Шабзэр игъэІэрыхуэфу зызыгъасэ щІалэ цІыкІум шабзитІ къыщІэри, лэжьыгъэм пэрыуващ. Арщхьэкіэ, и гъэсакІуэм зы шабзэр къыІихри, лъэныкъуэкІэ Іуихащ.

- ЕтІуанэ шабзэр щхьэ къысІыпха? - щІоупщІэ щІалэ цІыкІур.

- Сэ къыпІысхар етІуанэрэкъым, атІэ ялэ шабзэрщ. Сыту жьыпІэмэ, ялэ шабзэр тІум щыгъуэми пхутегъэхуэнутэкъым.

- Сыт щхьэкІэ?

- Иджыри зы Іэмал узэриІэм ущыгугъыуэрэ, ялэр къыпхуэзгъэсэбэпынутэкъым.

Жэуап

Гъуэгурыкіуэр мэлыхъуэм еупщІащ:

- Нобэ махуэм и щытыкІэнур сыт хуэдэу пІэрэ?

- Сэ сфІэфІым хуэдэнущ! - жиІащ мэлыхъуэм.

- Дэнэ щыпщІэрэ ар пфІэфІынрэ пфІэмыфІынрэ?

- Уигу ирихь псори гъащІэм зэуэ къуэзримытыр къызгурыІуа нэужь, сиІэм арэзы сытекъуэу зеэгъэсащ. Сэ шэч къытесьэркъым, дунейм нобэ сыт хуэдэу зызэрихъуэкІми, ар сигу зэрыдихьэнум!

● ГушыІэ

Сэ сыт си лажьэ?

ЩІалэр и гъунэгъум я дежкІэ екІуэкІати, ирихьэлІащ: ЛІыр пшынэ еуэу щысщ, цІыхубзым пхъэ екъутэ.

- А зи унагъэрэ, уи фІызым пхъэ икъутэу уэ пшынэ уеуэу щхьэ ущысэ?

- Ар пшынэ емыуэфмэ сэ сыт си лажьэ, - жиІащ лІым.

● Іуэрыіуатэм щыщщ

Батрэз зэраукІар

Батрэз яукІын мурад ящІащ и жагъуэгъуэхэм. ЯукІын мурад ящІа щхьэкІэ, лІыгъэшыгъэкІэ пэлъэщыпутэкъым, хутыкъуэуэ ЕкапэщІэхуэртэкъым.

НэжьгъущІыдзэм еЖэнджащащ:

- Батрэз и уікІыкІэ хъунур къыджеІэ, - жари.

Батрэз зекІуэ ежьауэ къэтти, нэжьгъущІыдзэм къажриІащ:

- И анэм деж фыкІуи, Батрэз къаукІауэ жефІэ.

Батрэз и анэм щхьэкІуэ хуэгъэкІуащ:

- Уи къуэр щыІэжкъым, къаукІащ, - жари.

- Къаукіакъым, - къажриІащ Батрэз и анэм. - Си пащхьэ ирамыукІыхьмэ, си къуэм шэ хэзэгъэнукъым.

- Дыщыуащ, уи къуэрэ хъункъым зекІуэм къыщаукІар, - жари щхьэкІуэр дэкІыжащ.

Батрэз и жагъуэгъуэхэр зэщэр арати, и укІыкІэ хъунур зрагъэщІащ.

Зекіуэ къикІыжри, Батрэз и унэ ихьэжащ, пхъэ гъуэлъэпІэм игъуалъхьэри зиукъуэдиящ. Батрэз щыжейкІэ и зы нэр къаплъэ хабзэти, шабзэ къищтэри и анэр щхьэщытысхьащ:

- Уи нэр изощІ, уи нитІри зэтепІи, жей, - жери.

И нитІри зэтрипІэри Батрэз Іурихащ.

Батрэз жейм хильэфа нэужь, и жагъуэгъуэхэр унэм къыщІыхьэри, я бийр кІапсэлорыгъукІэ пхъэ гъуэлъэпІэм ирапхащ, езыхэр унэм икІыжри, пщІантІэм кІий-гуо макъ къыщаІэтащ. КІий-гуо макъым къызэщигъуэри, Батрэз къыщылъэтащ, пхъэ гъуэлъэпІэр и щІыб зэрипхауэ. Бжьблып-къыр хиудри, Батрэз унэм къыщІэжащ, и анэри бжэщхьэІум къэтеуващ - къэхъуар ищІакъым. И анэр бжэщхьэІум къыщытеувэм, Батрэз шабзэщэр тракІутащ. Абдеж къыщаукІащ Батрэз. И анэр бжэщхьэІум къытемыхьатэмэ, Батрэз шэ хэзэгъэнутэкъым.

● Фэ фщІэрэ?

Дэ купщІэ гъэлыгъуар сэбэпщ

Махъсымэ, мэрэмэжьей ящІу къэна кІэрыхубжьэрыухэри адыгэм къигъэсэбэпу щытащ: къапщтэмэ, ахэр я напэм щахуэрти кІэрагъэлът, дахэ ещІ, нэкІу къиІулъэсытхэр егъэкІуэд жаІэрт. Абы нэмыщІ псы хуабэкІэ зэІыпхыу зрибгъэпсКІыныи сэбэпыщхуэщ.

* * *

Дэ купщІэ гъэлыгъуа пшхымэ, уи кІэтІийхэр егъэкъабзэ.

* * *

Нэмэзлыкъ ящІыр бжэныфэщ е адыгэ мэл цы пхъашэрщ.

* * *

Бысымхъуэж зыщІыми чыцІ ажэ хуааукІыу щытащ. Бысымыр щыпхъуэжакІэ, аращ пхуэфащэр жаІэрти абыкІэ ягъэпудырт.

* * *

Адыгэм пІэтІрэжан игъэкІыу щытакъым. Ар ишхмэ, цІыхум и Іэпкъльэпкъым шыгъу дещІэ жаІэрт.

* * *

Адыгэ тхьэлъэІум ялэ дыдэу Іэнэм трагъэхьэ хьэлыуэ, хъыршын, хьэлывэ.

Псалъэзэблэдз



ЕкІуэкІыу: **1.** Щхьэгъусэм и къуэш. **3.** Куэдым шэч къытрахьэ, ауэ цІыху цІыкІур а псэущхьэм къытехьэкІауэ къалъытэ. **6.** ЦІыху мелуан 200-м щІигъу щыпсэу мусЛъымэн къэрал. **8.** ЛІы ефам и ... макъым щхьэгъусэр нэху щыху игъэжеякъым. **9.** Уеплъмэ - ..., уеджэмэ - дэгу. **10.** ЗыкъызыфІэщІыжа цІыху е зи дахагъэр зи напщІэм телъ хъыджэбз. **13.** ГъущІыпэ ... мэхъуапсэ. **14.** Инджылызым я лІыщхьэ Джонсон ... **17.** Мэжджыт кІэуэЦІым хэт уаз тыпІэ. **18.** Пасэрей адыгэ хьыбарегъащІэ. **19.** ЩІымахуэм щыгъыным хищІэ хьэпІащІэ къэзылъэтыхь. **20.** Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ Елгъэр Кашиф и къуажэ. **23.** КІыщокъуэ Алим иужьу итха роман. **24.** «ЩІыхь» ощхьеин и нагъыщищим зыхуагъэфэща зауэлІ хахуэ Мусэ ... **28.** Іэпкълъэпкъ зэрытпІэкэр зэрызыгъэІыгъ, къупщхьэмрэ лымрэ зэпызыщІэ. **30.** Пхъэ кІапэ. **31.** Таурыхъхэм зэрыхэтымкІэ, псэущхьэ хьилэшы. **32.** ХъумпІэщІэджым и ... дамэ къытокІэ. **33.** ШыкІэпшынэ, пхъэпщышнэ къызыхащІыкІ, бжьэхэм фо къызыпах, баринэ дахэу гъагъэ жыг. **34.** Къру лъэпкъым щыщ губгъуэ джэдкъаз пІащІ.

Къехыу: **1.** Бэлагъ теплъэ иІэу пхъэм къыхабзыкІ бжэмышх цІыкІу. **2.** Зауэм щытекІуа лъэныкъуэм (хагъэщІам ейуэ) къыІэщІыхьэ хъугъуэфІыгъуэхэр, мылъкур, Іэщэ-фащэхэр. **4.** Дунейпсо ... зэхьэзэхуэхэр мы гъэм Японием щекІуэкІынущ. **5.** Дыщэм нэхърэ куэдкІэ нэхъ лъапІэ гъущІхэкІ. **7.** Псы Іуфэ мывалъэ-пшахъуалъэ. **11.** ІэмыкІуэлъэмыкІуэ. **12.** Адыгэ театрым и джэгуакІуэ Іэзэу щыта, РСФСР-м щІыхь зиІэ и артист. **13.** Шы тхъуэплъ, и кІэмрэ и сокумрэ фІыцІуэ. **15.** Абхъаз республикэм зыхъумэжыныгъэмкІэ и министру щыта адыгэ генерал. **16.** Зэгъунэгъуу щыс унагъуэхэр. **21.** Хадэхэкі трисэну унагъуэм игъэщэба щы Іыхьэ. **22.** Мылъку зи куэд цІыху. **25.** Унагъуэм игъэкІ чыцэм къыпІкІэ пхъэщхьэмыщхьэ - хъуа нэужь пшэплъыфэ мащІэ къыщІэлъадэу. **26.** Нарт Щэуей и адэр. **27.** ПкъоХэмкІэ лъагэу Іэта мэкъумылъэ гъэтІылъыпІэ. **29.** Члисэхэм фІэлъ уэрджынэшхуэ. **31.** Уэижагъуэм и нэм ... ущІоуэ.

Мэлыжьыхьым и 17-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **4.** ЛъэгущІэуэ. **5.** Пшэр. **6.** Гущэ. **7.** Уэшх. **11.** Кьамэ. **12.** Азэн. **17.** Лэгъуп. **19.** Лашын. **20.** Шатэ. **22.** Гьунэгъу. **24.** Конев. **26.** Кьэхъун. **28.** Жьгъей. **29.** Инат. **32.** Гунэдж. **34.** Кхъуей. **35.** Тхьэв. **36.** Тхьэкъуацхъуэ.

Къехыу: **1.** Плъыр. **2.** ПщІащэ. **3.** Джэду. **5.** Пыл. **8.** Хей. **9.** Іумыл. **10.** Къуэгъун. **11.** Кьэп. **13.** Ныш. **14.** Благъуэ. **15.** Пшынэ. **16.** Лэгъунэ. **18.** Гьудэ. **21.** Афэ. **23.** Гъуэжь. **24.** Киев. **25.** Вынэ. **26.** Кьат. **27.** Щыгу. **30.** Хьив. **31.** Зеикъуэ. **33.** Джатэ. **35.** Тхьэм.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:
ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и ятІонэ къуэдзэ), **Жылаэ Зауэбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Астьэн, Нэщ1эпыдж Замирэ, Тэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэ.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
КьыдзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хьыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдзэкІаКІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэху жуэап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епГыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.
Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.
«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыту къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А
12+
Индексыр П 5894 ● Тираж 1.912 ● Заказ №887

Мы къыдэкІыгъуэм елажьахэц: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *редактру* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2, 3-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(4, 5, 6-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Щоджэн Марианнэ,** *сурэтхэм елажьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр П 5894 ● Тираж 1.912 ● Заказ №887